

Kesyon sou Sekirite Fanmi

Si w gen nenpòt enkyetid konsènan sitiyasyon pou w jwenn pansyon alimantè pou timoun an sekirite, Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun Eta New York la pou ede w. Nou gen resous, règleman, ak pwosedi ki fèt pou ede w jwenn aksè nan sèvis nou yo nan yon fason ki pi an sekirite. Nou poze tout moun k ap aplike pou pansyon alimantè pou timoun kesyon sa yo pou ede nou bay bon sèvis yo.

Ranpli fòm sa a se yon bagay volontè. Si w reponn wi pou nenpòt nan kesyon sa yo, gen opsyon ki disponib ki ka rann pwosesis sa a pi an sekirite. Ou ka pale an prive ak yon pwofesyonèl pansyon alimantè pou timoun sou etap pou ede kenbe oumenm ak timoun yo an sekirite pandan pwosesis sa a. Nenpòt enfòmasyon ou bay pral rete konfidansyèl, eksepte si gen rezon ki fè kwè timoun yo ap sibi domaj oswa fas a danje iminan.

Nou p ap pataje repons ou pou kesyon yo ki anba a bay lòt paran an Nou p ap pataje detay pèsònèl tankou adrès, enfòmasyon sou travay, oswa enfòmasyon kontak bay okenn nan paran yo. **Sepandan**, non konte kote w aplike pou sèvis la pral enkli nan dokiman oswa nan òdonans tribinal la.

1. Èske w t ap enkyete w pou sekirite tèt ou oswa timoun yo si lòt paran an te konnen adrès ou, kote w ap travay oswa kijan pou kontakte w?
Wi Non
2. Lè nou louvri yon ka pansyon alimantè pou timoun, nou kontakte lòt paran an pou jwenn enfòmasyon tankou travay ak revni. Èske w gen nenpòt enkyetid nou ta dwe konnen anvan nou kontakte yo?
Wi Non
3. Nou ka bezwen pwograme tès jenetik ki ta ka an menm tan ak menm kote pou tou de paran yo. Èske w gen nenpòt enkyetid sou sekirite konsènan rankont ansanm ak timoun yo ak lòt paran an?
Wi Non
4. Pou resevwa pansyon alimantè pou timoun ke tribinal la te òdone, Pwogram Pansyon Alimantè pou Timoun lan ap dedwi lajan dirèkteman nan chèk salè yon paran. Nou ka pran aksyon tou tankou sispann lisans chofè, entèsepte deklarasyon enpo eta ak federal, refize paspò, ak sispann lisans pwofesyonèl ak lwazi (pa egzanp, lisans medikal oswa jiridik, lachas, lapèch, elatriye) si paran an pa peye pansyon alimantè li. Èske nenpòt nan aksyon sa yo ta mete oumenm oswa timoun yo nan risk pou sibi domaj fizik, emosyonèl ak/oswa finansye?
Wi Non
5. Pou etabli oswa chanje òdonans pansyon alimantè pou timoun ou an, ou ka bezwen bay temwayaj (pataje enfòmasyon) bay yon jij nan tribinal nan kad yon odyans sou pansyon alimantè pou timoun. Èske w gen nenpòt enkyetid konsènan konparisyon w nan tribinal?
Wi Non
6. Èske w gen enkyetid sou sekirite w oswa sekirite timoun yo ki gen kontak ak lòt paran an pou vizit?
Wi Non

Gen enfòmasyon adisyonèl sou opsyon sekirite nou yo ki disponib nan dokiman ki rele *Jwenn Pansyon Alimantè pou Timoun an Sekirite: Sa Ou Ta Dwe Konnen (Getting Child Support Safely: What You Should Know)*.

Rezidan Vil New York: gade dokiman ki gen tit la

Enfòmasyon Pou Tout Aplikan Pansyon Alimantè pou Timoun Potansyèl Konsènan Zafè Jwenn Pansyon Alimantè pou Timoun an Sekirite (Information For All Potential Child Support Applicants About Getting Child Support Safely).

Sitiyasyon yo chanje epi sekirite w se toujou yon priyorite.

Ou ka chanje repons ou pou kesyon sa yo nenpòt kilè lè w kontakte pwofesyonèl pansyon alimantè pou timoun ou an.